Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 6 (7562)
2 февраль
Хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багъа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Пресс-конференция

## РДялъул БетIерасул бухьенгун



25 январалда районалъул ад- министрациялъул отделазул нухмалъулез гIахьаллъи гьабуна прямой эфиралда РДялъул БетIер С. Меликовас рес- публикаялъул гIумро гьабулез кьурал суалазе жавабал кьолел пресс-конференциялда.

БачIинахъего С. Меликовас лъазабуна прямой эфиралдасан респуб- ликаялъул гIадамазулгун рагьараб ва ракI бацIцIадаб гара-чIвариялъе хIадур вугин. Суалазе жавабал кьолаго гьес тIадчIун ва рагIа-ракьанде щун щибаб суалалда хурхун жаваб кьуна, цо-цо бакIаздасан прямой эфиралдасанго тIадкъаял кьуна гIадамазул суалал тIураялъе. Аслияб кIвар С. Меликовас кьуна СВОялъул гIахьалчагIазул хъизаназде, гьелда хурхун РДялъул Правительствалъ гьабулеб хIалтIуде ва муниципалитетазул бутIрул ахIана Украиналъул рагъда хварал бахIарзал -Дагъистаниял даимго гIелазда кIочонаредухъ ракIалде щвезариялъе кумек гьабулел тадбирал гьариялде.

Расул ХIамзатовасул Сон

## Халкъалъе хирияв поэт




Гьал къоязда районалъул культураялъулгун рекIел- гьеялъул Централда рагьана Р. ХIамзатовасул Сон. Тад- биралъул гIахьалчагIилъун рукIана районалъулго куль- тураялъул ва отделалъул хIалтIухъаби. Залалда гIуцIун букIана Р. ХIамзатовасул тIахьазул выставка. КIудияб экраналда живго поэтас цIалана жиндирго кучIдул. Гьел рукIана гIурус ва авар мацIазда.

Тадбир рагьана ва бачана РДялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан ГIабдулкарим ГIабду- рахIмановас. Саламалъул каламгун кIалъазе вахъана районалъул культураялъул отделалъул нач. ГIали ГIабдулаев. Гьес къокъго хIисаб кьуна араб соналда гьабураб хIалтIул ва бихьизабуна гьаб соналда Р. ХIамзатовас I00 сон тIубай кIодо гьабиялда хурхун цере чIарал масъалабазул. ГIали МухIамадовичас кIвар кьун бихьизабуна бицен гьабулеб бугеб тадбир тIобитIиялда гIахьаллъизе кколин районалъул культураялъул киналго хIалтIухъаби ва гьеб тIобитIизе кколин тIадегIанаб даражаялда,-абун.

«Р. ХIамзатов ккола дунялалъулго кIвaралъул поэт. Гьесул творчествоялъ тарбия кьуна цо чанго гIелазе. Гьев ккола дагъистаниязе рухIияв тарбия кьурав чи, ВатIаналъул вас ва патриот»,-ян бихьизабуна ГI. ГIабдулаевас.

Тадбиралда кIалъазе вахъана районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов.

«Культура кидаго букIана ва хутIула батIи-батIияй гIелазул гIадамазе рухIияб центрлъун. Расул ХIамзатов гьавуралдаса I00 сон тIубай кIодо гьаби гьеб буго нилъер гIадамал, хасго гIолохъанаб гIел нилъер лъикIал гIадатазда куцаялъе щвараб цоги гIила»,-ян абуна гьес жиндирго кIалъаялда.

КIалъазе яхъарай культураялул отделалъул начальникасул зам. ХI. ГIабдурахIмановалъ бихьизабуна Р. ХIамзатов гьоркьов ккун цоги нухалъ дуняалалъго ракIалде щвезабунин нилъер гьитIинаб ВатIан - Дагъистан,-абун. ГIадамазда жеги лъикI лъала ганже нилъер культураялъул, гIадатазул, гIадамазул хIакъалъулъ.

(Ахир 4 гьумерада)

АТК: лъагIалил хIасилал

## ХIалтIуе - лъикIаб къимат



30 январалда букIараб АТКялъул заседаниялда лъикIаб къимат кьуна лъагIалида жаниб АТКялъ гьабураб хIалтIуе ва районалда бугеб оперативияб ахIвал-хIал рикIкIана гIодобе биччараблъун.

Ахириял саназда Унсоколо районалда тIоритIичIо контртеррористическияl операциял ва ккечIо терроризмалъулаб хасият бугел такъсирал. Амма гьалдаго цадахъ цIунун хутIун буго такъсирал рукIиналъе хIинкъи бугеб ахIвал-хIал. Гьедин Россиялъул Унсоколо районаллда бугеб ОМВДялъул баяназда рекъон, хIисаб кьеялъул заманалда ралагьулел руго 69 чи, гьезда гьоркьоса терроризмалъулгун экстремизмалъул рахъалъул руго такъсирал 66 чиясул. Гьеб рахъалъ лъун руго гьел розыскаялдаги. Гьелдалъун бихьула Унсоколо районалда гIумру гьабун рукIин разыскалда ругезул ва къватIир ругезулги цIикIкIараб гIагарлъи. Гьединал гIадамазулгун муниципалияб Комиссиялъ ихтияр цIунулезул блокгун, рухIиял гIадамалгун, росабазул активгун гьабулеб буго щивасулгун адреснияб профилактикияб хIалтIи.

Халкъалъе бокьун гьечIо доб нилъер вацал – ихтияр цIунулел органазул ва бакIалъулаб самоуправлениялъул, гIолилал, гIадатиял гIадамал гъурулеб заман тIад буссине. Гьелъ гьезулъ бихьулеб буго терроризмалдехун, гьезул рахъ кколездехун, кумек гьабулездехун къвакIараб позиция.

Гьел шартIазда «Унсоколо район» МОялъул терроризмалде данде чIараб Комиссиялъ 2022 соналда районалда бугеб хIалги хIисабалде босун г1емараб х1алт1и гьабуна. БукIана МОялъул АТКялъул лъагIалие хIалтIуе план. Гьел гьарулаго пайда росун рукIана РДялъул АТКялъул, МОялъул АТКялъул ва цогидалги законияl рихьизариял. Гьедин 2022 соналда гьабуна 70 тадбир, гьелдаго цадахъ культуриялгун халкъиял тадбиралги. Гьаруна тIолалго школазда тадбирал, «гургинаб столалда нахъа», тематикиял вечерал, гара-чIвариял, лекциял. Киналго тадбиразда гьоркьоре рачун рукIана АТКялъул членал, рухIиялгун гIамал-хасияталъул, культуриял гIадамал, ай 9200 гIахьалчи. Киналго рахъал хIисабалде росун гьарурал тадбиразул комплексалъ кумек гьабуна терроризмалъул-экстремизмалъул хIинкъи гIодобе ккезабизе ва районалда ахIвал-хIал рукIалиде бачIинабизе. 2022 соналъ гьеб мурадалда гьарурал тIолалго тадбирал гIумроялде рахъинеги гьаруна районалъул терроризмалде данде чIараб Комиссиялъ.

«Унсоколо район» МОялъул терроризмалде данде чIараб Комиссиялъ киналго рахъалги хIисабалде росун план гьабун буго гьаб нилъ гьорлъе лъугьараб 2023 соналъул хIалтIуеги.

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
## Унцукульский район

Собрание депутатов муниципального района 368950 Республика Дагестан Унцукульский район, п. Шамилькала, ул. М. Дахадаева 3, т. 55-62-87 Email: uncuk_sobranie

## РЕШЕНИЕ
## Об утверждении порядка принятия решения о применении к депутату, члену выборного органа местного самоуправления, выборному должностному лицу местного самоуправления мер ответственности

Принято Собранием депутатов 22 декабря 2022 года №48

В соответствии с частью 7.3-2статьи 40 Федерального закона от 6 октября 2003 года N 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Федерального закона от 25 декабря 2008 года N 273-ФЗ «О противодействии коррупции», ЗакономРеспублики Дагестан от 13 июля 2020 года N 35 «О порядке применения к депутату, члену выборного органа местного самоуправления, выборному должностному лицу местного самоуправления Республики Дагестан мер ответственности и о внесении изменения в статью 11 Закона Республики Дагестан «О порядке представления гражданами, претендующими на замещение муниципальной должности в Республике Дагестан, должности главы администрации муниципального образования Республики Дагестан по контракту, и лицами, замещающими указанные должности, сведений о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера и осуществления проверки достоверности и полноты указанных сведений», Уставом муниципального образования «Унцукульский район» Собрание депутатов муниципального района

**РЕШАЕТ:**

1. Утвердить прилагаемый Порядокпринятия решения о применении к депутату, члену выборного органа местного самоуправления, выборному должностному лицу местного самоуправления мер ответственности (приложение).
2. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

**Председатель Собрания**
**М. Б. Юсупов**
**Глава муниципального района**
**И. М. Нурмагомедов**

Утвержден
решением Собрания депутатов МР
«Унцукульский район» от 22.12.2022 г.№48

## ПОРЯДОК
## принятия решения о применении к депутату, члену выборного органа местного самоуправления, выборному должностному лицу местного самоуправления мер ответственности

**1. Общие положения**

1.1. Настоящий Порядок в соответствии с частью 7.3-2 статьи 40Федерального закона от 6 октября 2003 года N 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Федеральным законом от 25 декабря 2008 года N 273-ФЗ «О противодействии коррупции», Законом Республики Дагестан от 13 июля 2020 года N 35 «О порядке применения к депутату, члену выборного органа местного самоуправления, выборному должностному лицу местного самоуправления Республики Дагестан мер ответственности и о внесении изменения в статью 11 Закона Республики Дагестан«Опорядкепредставлениягражданами, претендующими на замещение муниципальной должности в Республике Дагестан, должности главы администрации муниципального образования Республики Дагестан по контракту, и лицами, замещающими указанные должности, сведений о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера и осуществления проверки достоверности и полноты указанных сведений», Уставоммуниципального образования «Унцукульский район» определяет процедуру и сроки принятия решения о применении мер ответственности к депутату, члену выборного органа местного самоуправления, выборному должностному лицу местного самоуправления муниципальногорайона«Унцукульскийрайон», представившему по результатам проверки недостоверные или неполные сведения о своих доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера, а также сведения о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера своих супруги (супруга) и несовершеннолетних детей, если искажение этих сведений является несущественным (далее - меры ответственности).

2. Рассмотрение поступившего заявления

2.1. Основанием для рассмотрения вопроса о применении мер ответственности к депутату, члену выборного органа местного самоуправления, выборному должностному лицу местного самоуправления муниципального района «Унцукульский район» является поступившее в Собрание депутатов муниципального района «Унцукульский район» (далее - Собрание депутатов) заявление Главы Республики Дагестан о применении в отношениилица,замещающегомуниципальную должность, мер ответственности (далее - заявление).

2.2. Заявление в день поступления регистрируется в Собрании депутатов, которое в срок не позднее 5 рабочих дней со дня поступления заявления (но не позднее 15 дней до дня рассмотрения обращения):

- письменно уведомляет лицо, в отношении которого поступило заявление о содержании поступившего заявления, о дате, месте и времени его рассмотрения;
- предлагает лицу, в отношении которого поступило заявление, дать письменные пояснения по существу выявленных нарушений, которые будут оглашены при его рассмотрении в Собрании депутатов.

Далее заявление передается в Комиссию Собрания депутатов позаконности и вопросам местного самоуправления (далее - Комиссия).

2.3. В срок не позднее 15 дней со дня поступления заявления проводится заседание Комиссии.

2.4. Лицо, в отношении которого поступило заявление, вправе присутствовать на заседании комиссии при его рассмотрении, о чем письменно уведомляет председателя комиссии.

2.5. Заседания Комиссии могут проводиться в отсутствие лица, в отношении которого поступило заявление, в случае:

а) если председателю Комиссии не поступило письменное уведомление о намерении лица, замещающего муниципальную должность, лично присутствовать на заседании Комиссии;

б) если лицо, в отношении которого поступило заявление, намеревающееся лично присутствовать на заседании Комиссии и извещенное о времени и месте его проведения, не явилось на заседание.

2.6. Комиссия рассматривает заявление, письменные пояснения лица, в отношении которого поступило заявление (в случае если они представлены), и с учетом:

1) вины депутата, члена выборного органа местного самоуправления, выборного должностного лица местного самоуправления;

2) причин и условий, при которых депутатом, членом выборного органа местного самоуправления, выборным должностным лицом местного самоуправления были представлены недостоверные или неполные сведения о доходах, расходах, обПродолжение на 3 странице) имуществе и обязательствах имущественного характера;

3) характера и степени искажения сведений о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера;

**(Продолжение на 3 странице)**

# ПОРЯДОК
## принятия решения о применении к депутату, члену выборного органа местного самоуправления, выборному должностному лицу местного самоуправления мер ответственности

4) соблюдения депутатом, членом выборного органа местного самоуправления, выборным должностным лицом местного самоуправления муниципального района «Унцукульский район» ограничений и запретов, исполнение им обязанностей, установленных законодательством о противодействии коррупции;

принимает решение о внесении в Собрание депутатов предложения о применении к лицу, в отношении которого поступило заявление, одной из мер ответственности, указанной в пункте 3.2 настоящего Порядка.

2.7. Решение Комиссии оформляется протоколом, который подписывается председателем.

2.8. По итогам рассмотрения поступившего заявления Комиссией оформляется мотивированное заключение, которое не позднее 5 рабочих дней со дня заседания Комиссии вместе с заявлением, письменными пояснениями лица, замещающего муниципальную должность (в случае если они представлены), передается в Собрание депутатов для принятия решения.

**3. Принятие решения о применении к депутату, члену выборного органа местного самоуправления, выборному должностному лицу местного самоуправления мер ответственности**

3.1. Вопрос о применении к депутату, члену выборного органа местного самоуправления, выборному должностному лицу местного самоуправления муниципального района «Унцукульский район» меры ответственности включается в повестку дня ближайшего заседания Собрания депутатов.

3.2. Собрание депутатов применяет в отношении депутата, члена выборного органа местного самоуправления, выборного должностного лица местного самоуправления муниципального района «Унцукульский район» одну из следующих мер ответственности:

1) предупреждение;

2) освобождение депутата, члена выборного органа местного самоуправления от должности в Собрании депутатов муниципального района «Унцукульский район», выборном органе местного самоуправления с лишением права занимать должности в Собрании депутатов муниципального района «Унцукульский район», выборном органе местного самоуправления муниципального района «Унцукульский район» до прекращения срока его полномочий;

3) освобождение от осуществления полномочий на постоянной основе с лишением права осуществлять полномочия на постоянной основе до прекращения срока его полномочий;

4) запрет занимать должности в Собрании депутатов муниципального района, выборном органе местного самоуправления муниципального района «Унцукульский район» до прекращения срока его полномочий;

5) запрет исполнять полномочия на постоянной основе до прекращения срока его полномочий.

3.3. Решение о применении к лицу, в отношении которого поступило заявление, меры ответственности принимается открытым голосованием большинством голосов от установленной численности депутатов Собрания депутатов.

3.4. Собрание депутатов рассматривает заявление и принимает соответствующее решение не позднее чем через три месяца со дня поступления заявления.

Применение к депутату, члену выборного органа местного самоуправления, выборному должностному лицу местного самоуправления муниципального района «Унцукульский район» одной из мер ответственности, указанных в пункте 3.2настоящего Порядка, осуществляется не позднее шести месяцев со дня поступления в Собрание депутатов заявления Главы Республики Дагестан о применении меры ответственности и не позднее трех лет со дня представления сведений о своих доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера, а также сведений о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера своих супруги (супруга) и несовершеннолетних детей.

3.5. Лицо, в отношении которого принято решение Собрания депутатов должно быть ознакомлено с ним в течение 5 рабочих дней со дня его принятия под роспись.

3.6. Копия решения Собрания депутатов о применении к лицу, замещающему муниципальную должность, меры ответственности в течение 5 рабочих дней со дня его принятия направляется Главе Республики Дагестан и лицу, в отношении которого принято решение Собрания депутатов.

4. Требования к содержанию решения о применении к депутату, члену выборного органа местного самоуправления, выборному должностному лицу местного самоуправления мер ответственности

**4.1. Решение Собрания депутатов о применении мер ответственности принимается отдельно в отношении каждого лица, замещающего муниципальную должность, оформляется в письменной форме и должно содержать:**

а) фамилию, имя, отчество (последнее - при наличии);

б) должность;

г) принятую меру ответственности с обоснованием ее применения;

д) срок действия меры ответственности (при наличии).

4.2. В случае принятия решения о применении мер ответственности к председателю Собрания депутатов, данное решение подписывается депутатом, председательствующим на заседании Собрания депутатов.

**5. Заключительные положения**

5.1. Информация о применении к лицу, замещающему муниципальную должность, одной из мер ответственности, указанных в пункте 3.2 настоящего Порядка, размещается на официальном сайте муниципального района «Унцукульский район» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет» в течение 10 рабочих дней с даты принятия Собранием депутатов решения и находится на сайте не менее 1 года.

# Для удобств а граждан в получении государственных услуг

Миграционный пункт Отделения МВД России по Унцукульскому району информирует, что существуют три основных способа получения государственных услуг:

1 Личное обращение в подразделение по вопросам миграции;

2 В электронном виде на Едином портале государственных и муниципальных услуг (ЕПГУ);

3 Через Многофункциональный центр (МФЦ)

В первом случае гражданин лично обращается в соответствующее подразделение по вопросам миграции для получения определенной государственной услуги.

На сегодняшний день большая часть населения предпочитает пользоваться получением услуг в обычном формате: посещая учреждения лично, заполняя множество документов на бумажном носителе. Таким образом, тратится значительное время на заполнение документов. Получение государственных услуг в электронном виде снимает все эти проблемы. Для этих целей создан Единый Портал Гос Услуг, основными целями работы которого являются снижение административных барьеров, упрощение процедуры предоставления услуг и сокращение сроков их оказания, внедрение единых стандартов для обслуживания граждан, проживающих на различных территориях.

Миграционный пункт Отделения МВД России по Унцукульскому району призывает граждан пользоваться преимуществами оформления государственных услуг в электронном виде. Приятными «бонусами» для интернет-пользователей являются: отсутствие очередей, возможностьобратиться в подразделения миграции в любое время и из любой точки мира, сокращение сроков оформления документов и возможность проследить весьпроцесс их подготовки. Посредством Единого портала государственных и муниципальныхуслуг https://www.gosuslugi.ru/ можно подать заявления:

- на замену паспорта гражданина РФ по достижении 20лет, 45 лет, в связи с изменением персональных данных, а так же с непригодностью к пользованию;
- о постановке на регистрационный учет и снятия с регистрационного учета граждан РФ по месту пребывания и по месту жительства;
- на получение адресно-справочной информации;

Чтобы воспользоваться порталом «Госуслуги.ру» необходимо зарегистрироваться и создать личный кабинет. Эта процедура несложная – на неё уйдет порядка 15-20 минут. Чтобы «открыть» личный кабинет потребуется паспорт гражданина РФ, СНИЛС, адрес электронной почты и номер мобильного телефона.

Когда нужно менять паспорт?

Сроки действия Российского паспорта следующие:

от 14 лет - до достижения 20-летнего возраста;

от 20 лет - до достижения 45-летнего возраста;

от 45 лет - бессрочно.

Российский паспорт обязаны иметь все граждане Российской Федерации, достигшие 14 лет и проживающие на его территории.

В 90-дневный срок с момента наступления оснований для выдачи или замены паспорта граждане предоставляют необходимые документы и личные фотографии соответствующим должностным лицам в МП ОМВД России по месту жительства, пребывания или обращения.

В случае не предоставления документов в установленные сроки наступает административная ответственность, предусмотренная ст. 19.15. КоАП РФ, которая влечёт наложение административного штрафа в размере от 2000 до 3000 рублей.

Спорт

## Баркула цIияб бергьенлъи!



«Горец» клубалда хIадурулев вугев Зирани гьоркьохъеб школалъул выпускник Ибрагьим МухIамадов цIидасан бергьана АСА I5I иргадулал хIаязда.

2023 соналъул АСА лигаялда «Бои без правил» тIоцебесеб хIай исана унеб букIана Казаналда, «Татнефть» аренаялда. Гьенир гIахьаллъана Россиялдаса ва Европаялдаса ММА рахъалъ бергьарал рагъухъаби. Гьесул хIай лъугIана I0-2 хIисабалда.

Районалъул администрациялъул, депутатазул Собраниялъул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула И. МухIамадовасда иргадулаб бергьенлъи!

Дуе тIолалго хIаял гьедин ин ва щварал бергьенлъабазда гIей гьабичIого дудаго тIад хIалтIиялъе къуват, битIккей, тIадчIей ва лъугIи гьечIеб жан гьарула хадубккун!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

Районалъул «Ахихъан» газеталъул ва информационнияб централъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго УНОялъул хIалтIухъан Загьраида ва тIолабго гIагарлъиялда рос

**ГIабдула**

къокъидго унтиги чIван Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

## Халкъалъе хирияв поэт

Хадубги гьелъ бихьизабуна: «Расул ХIамзатовасул хIакъалъулъ тIадегIанаб уровеналда улкаялъул Президентас, гьесул юбилеялде хIадурлъизе ккеялда тIадчIей гьабуна. АнцI-анцI философияб магIнаялъул, рекIелъа унарел къуваталъул кучIдул асIула гьесул дуналалъулго мацIазда. Нилъ чIухIизе бегьула Р. ХIамзатовасул заманаялъул гIадамал ратиялдаса».

ГI-К. ГIабдурахIмановасги бицана Р. ХIамзатовасул Унсоколо районалъулгун букIараб тарихияб гьудуллъиялъул. «Поэт чанго нухалда вачIана нилъер районалде, щулияб гьудуллъи букIана гьесул художественнияб фабрикаялъул вукIарав директор И. ГIабдулаевасулгун. ТIадегIанаб къимат кьолаан гьес ХъахIабросулъа МахI-мудил поэзиялъе, гьезул плеядаялда йиго нилъер районалдаса поэтесса ГI. Малачиева. Гьелъ жиндирго творчество бухьинабуна ансадерил махщалида, нилъер композитор А. ГIамирхановас макънал хъвана Р. ХIамзатовасул кучIдузе.

«Дие рес щвана чанго нухалъ нилъер халкъияв поэтасул рокъове щвезе. Гьес кIудияб къимат кьолаан Дагъистаналъул халкъияй артистка П. Магаевалъул творчествалъе. Гьелъулгуни гьабуна творчествалъул хIакъалъулъ гара-чIвари, хабар ккана гьелъул эмен ва жиндирго гьудул М-Р. Магаевасул хIакъалъулъ»,- ян бихьизабуна гьенивго к1алъарав Х1. Дарбишх1ажиевасги.

Тадбиралда ахIана Р. ХIамзатовасул рагIабазда кучIдул. ЦIакъго махщалида гьел ахIана Дагъистан республикаялъул мустахIикав артист ТI. ГIумаровас, МЦУялъул директор А. ГIабдурахIмановалъ. ЦIалана нилъер ракьцояв ХI. ДарбишхIажиевас гьабураб «Къо-мех лъикI, Расул» абураб кечI.

Гьедин Унсоколо районалда хасаб цIа кьун буго Р. ХIамзатовасул Соналъе. Юбилеялъулал тадбирал ине руго районалъул киналго клубазулгун библиотекаялъул учреждениязда. Гьелъие РДялъул культураялъул Министерствалъул, РДНТя-лъул ва районалъул культураялъул отделалъул руго хасал планал.

Сахаб гIумро: наркотикал

## «Цадахъ цIунизин гIумро» - конкурс

Унеб буго «Цадахъ цIунизин гIумро» ТIолгороссиялъул конкурсалде заявкаби ракIари. Гьаб соналъул I0 январалдаса 20 февралалде щвезегIан унеб буго ТIолгороссиялъул конкурсалъул регио-налияб этап, гьелда хурхун росулел руго конкурсалъул социалиялгун наркотикал хIалтIизариялде данде чIарал рекламаби ва «Спасем вместе жизнь»,-абураб акция. Щибаб санайилго конкурс гIуцIулеллъун цере рахъуна Россиялъул МВД.

Конкурсалда гIахьаллъизе бегьула физи-ческиялгун юридическиял лицаби, гьединго авторлъиялъулал коллективал.

Конкурсалъулал хIалтIаби руго гьадинал номинациязда:

- «Социалияб рекламаялъул лъикIаб къватIисеб макет наркотикал хIалтIизари гIодобе ккеялъе»
- «Наркотиказде данде чIарал рахъал ва сахаб гIумро гьабиялъул рахъал» видеороликал
- «Наркотикал хIалтIизари теялъе социалияб медиаялда данде кколел» видеороликал.

Конкурсалда гIахьаллъизе заявка ва конкурсалъулаб хIалтIи кьезе ккола 2023 соналъул I5 февралалде щвезегIан. БитIизе ккола электроннияб почтаялде гьаб адресалда: **konkurs_antinarco@mail.ru**

Редакциялде кагъат

## Баркала, хириял!



Лъаларо нилъеда щиб нахъа бугебали. РакIалдаго гьечIого унтана, эбел хун нижер цIобалда хутIарай нижер ясалъул яс Раисат. Шамилъхъалаялъул больницаялде ячун хал гьабидал ниж ритIана МахIачхъалаялде МРТ гьабизе. Ясалъул сахлъиялъул кIвар кьезе кколеб хIал батидал егизаюна Унсоколо районалъул больницаялъул лъималазул отделениялда. Гьениб бетIерай врач ГIайшат МухIамадовалъ ва отделениялъул зав. Аминат АхIмадиновалъги цIикIкIараб кIвар кьуна нижер ясалде, бачIинахъего ясалъул ракI-мак1 батизабуна, чIезаруна гьелъие хIажатал дараби, малъа-хъваял гьаруна жиндаго тIадал жалазул.

Гьедин ракI-ракIалъ гьабураб сах гьариялъ анкь иналдего ясалъул гьурмада кьер бачIана, ягъа-ячари цIикIкIана, елъа-йохун лъугьана. Гьей лъикIаб сахлъиялда рокъое тIад юссана. Гьединлъидал бокьун буго районалъул «Ахихъан» газетаги гьоркьоб ккун, бажарун хIалтIи бачунел нухмалъулей ГI. МухIамадовалъеги, унтарал ричIчIулей врач А. АхIмадиновалъеги, хIалимал-хIеренал сестраби ГIайшатие, ПатIиматие, Марьямие, Хадижатие, санитаркаби ПатIиматзагьратие, Г1айнаие, Аминатие ГIазраие Пат1иматие ракI-ракIалъулаб баркала кьезе. Нужер хIеренлъи-хIалимлъиги, отделениялда бугеб рацIа-ракъалъиги, ригь-ригьалъ кьолеб тIагIамаб квенги, киналдасаго цебе унтаразде бугеб гIаданлъиялъулаб балагьиги кидаго кIоченаро. ТалихI-рохалида хутIаги нуж!

**ХIамзат ва ГIайнаъ ХIАЙБУЛАЕВАЛ**
**Сураталда:** А. Ах1мадинова


| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района. Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать - 1. 2. 2023 г. 14. 30 фактически -15. 30 мин. ........................................ Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках. Тираж - 988 экз. |
|---|---|---|---|